



Plan Engajman Paran ak Fanmi 2019-2020

Dr. N.E Roberts Elementary

Chak lekol Title I avek paran ak manb nan fanmi elev ki patisipe yo dwe devlope yon plan ki dekri kijan lekol la ap satisfè kondisyon yo ki ekri nan lis pi ba paj sa. Paran yo dwe okouran de plan sa nan yon fason ke yon konpran. Ki donc, li dwe nan yon lang ke paran an kapab konpran. Plan lekol la dwe disponib pou kominite lokal la et paran yo dwe dako nan chak chanjman ki fet ladan li pou nou kapab sevi parans yo ak tout lekol la.

Visyon lekol la pou engaje fanmi:

Roberts Rockets travay ansanm, ankouraje youn lot devni etidyan pou tout lavi, ki kapab rezoud pwoblem jan sa dwa. Fanmi, kominote, e pesonel la konstwi ansanm baz ki nesese pou kreye sitwayen pwodiktif.

Kisa ki yon obligasyon:

Asirans: Nou pral:

- Enplike yon represantasyon de paran yo et etabli yon gwoup paran ki pou represante tout fanmi pou kapab evalye "Plan engajman Paran ak Fanmi" an ki dekri kijan lekol la ap mete an Pratik aktivite angajman fanmi yo.
- Fe yon reyinyon chak ane pou fanmi yo kapab explike pwogram Title 1 lan avek dwa paran yo genyen pou yo enkli. Ofri lot le pou reyini.
- Itilize yon posyon nan lajan Title I lan pou sipote engajman paran et fanmi e enkli paran yo nan deside an ki fason lajan sa ap depanse.
- Pemet paran yo patisipe nan planifikasyon, revision, et avansman pwogram Title I lan.
- Devlope yon dosye antre lekol la ak paran yo ki explike nan ki fason paran, elev, ak anlwaye lekol la ap pataje responsablite pou avansman elev yo, et dekri koman paran yo kapab sipote yo pral kominike.
- Ofri asistans pou paran yo kapab konpran sistem lekol la avek standa state la, osi koman yo kapab sipote avansman akademik pitit yo.
- Bay materyel ak fomasyon ki pou ede paran yo sipote edikasyon pitit yo le yo lakay.
- Bay anlwaye yo opotinite pou yo devlope et apran fason pou yo travay ak fanmi yo efektivman.
- Kodine ak lot pwogram federal ak state, enkli pwogram lekol matenel.
- Bay enfomasyon nan yon fason et lang ke paran yo kapab konpran et bay enfomasyon nan lot lang si li posib.
- Enkli plan sa sou site entenet lekol la et nan office lekol la.

Direkte: _____

Rachel Jones

Dat: _____

9/27/19



Plan Engajman Paran ak Fanmi 2019-2020

Dr. N.E Roberts Elementary

CHAK LEKOL TITLE I NAN POLK COUNTY PRAL:

1. Pemet paran yo patisipe nan planifikasyon, revision, et avansman pwogram Title I lan. Lekol la ap devlope et evalye "Plan Engajman Paran et Fanmi" an ansanm ak kontra Lekol-Lakay la kote paran yo dwe represante ladan.

	Dat reyinyon pou tande opinyon paran yo.	Koman paran yo te jwen envitasyon pou pote opinyon yo?	Dekri nan ki fason paran yo te patisipe.	Ki prev ki genyen kap prouve ke paran ak fanmi te patisipe?
Plan pou avansman lekol la (SIP)	19/9/19	Panfle pou al jwenn tout paran lakay yo, e ki anonse sou tout media sosyal yo.	Paran/Fanmi nou te envite pataje sijesyon oral e alekri pandan reyinyon an.	Paj Siyati SAC yo, rapo SAC yo, e fom pou ranpli yo.
Plan angajman Parana k Fanmi (PFEP)	17/3/19	Envitasyon alekri ki paret nan Paj Jounal enprime yo, e ki anonse sou tout media sosyal yo.	Paran/Fanmi yo te ranpli yon seri Kesyon e te make sijesyon yo sou PFEP la menm..	Paj Siyati SAC yo, rapo SAC yo, e fom pou ranpli yo.
Kontra Lakay-Lekol	17/3/19	envitasyon alekri nan Paj Jounal enprime a e ki anonse sou media sosyal yo.	Paran/Fanmi yo te ranpli yon seri Kesyon e te make sijesyon yo sou PFEP la menm..	Paj Siyati SAC yo, rapo SAC yo, e fom pou ranpli yo.
Title I Bidje	19/9/19	Etidyan yo pote Panfle yo ale lakay jwenn paran yo, e media sosyal yo.	Paran/Fanmi yo jwenn envitasyon pou poze kesyon e make sijesyon yo.	Paj Siyati SAC yo, rapo SAC yo, e fom pou ranpli yo.
Engajman Parana ak Fanmi Allocation	19/9/19	Envitasyon alekri sou Papye antet ofisyel lekol la, media sosyal yo.	Paran/Fanmi nou te mande pataje lide sou distribisyon resous yo.	Paj Siyati SAC yo, rapo SAC yo, e fom pou ranpli yo.

**Lekol Prime yo dwe reyini ak paran yo omwen yon fwa fas a fas kote yo diskite kontra a. Yon ajanda avek kopi kontra a ke paran yo siyen dwe sevi kom yon prev reyinyon an te fet. Yo dwe mete kopi sa nan "Title 1 Crate" la*

** Prev opinyon ki te presante yo dwe disponib sous a ki rele "Title 1 Crate".*

2. Fe yon reyinyon chak ane pou fanmi yo kapab explike pwogram Title 1 lan avek dwa paran yo genyen pou yo enkli.

Dat avek le reyinyon an ap fet	19 Sektanm 2019 a 6:00 PM
Kijan paran yo te resevwa envitasyon pou reyinyon an?	Na bay Etidyan yo pote lakay Envitasyon alekri, na anonse e fe pibilite sou tablo afichaj, sou media sosyal, nan RMIND mesaj ekri telefon, e stike nan ajenda etidyan yo.
Ki enfomasyon yo te bay nan reyinyon an?	Moun ki an chaj pwogram Title I Engajman Paran ak Fanmi pou distri a bay chak lekol yon presantasyon powerpoint ak ajanda ki genyen enfomasyon sou: Pwogram Title I nan, Yon rapot ki moutre kijan lajan pwogram nan depanse, enfomasyon sou kourikoulom ak egzamen yo, Plan engajman paran ak fanmi, kontra, fason pou paran yo kapab patisipe, avek pwogram ki gen pou rive. Lekol yo ka modifiye presantasyon Powerpoint la pou yo ka enkli kijan lajan pwogram yo a ap depanse nan efo yap fe pou yon ogmante sikse elev yo et pwomote engajman paran ak fanmi, fason paran kapab bay patisipasyon yo nan lekol la, kijan yo kominike ak anplwaye lekol la, avek enfomasyon sou kourikoulom lekol la.
Kijan nou te enfome paran yo de dwa yo dapre la lwa?	Pwogram Title I de Polk County Public Schools la bay tout lekol Title I yo yon let ki enfome tout paran yo de dwa yo. Tout elev resevwa let sa pou yo pote lakay nan valiz yo. Li se obligasyon lekol yo tou pou yo kinbe kopi dokiman "Parents Right To Know" a sou site entenet lekol la avek nan kaye Engajman Paran ak Fanmi an ki nan biwo lekol la. Biwo Title I pou distri a toujou kontwole epi kinbe dokiman sa yo.
Ki pwobem nap adrese pou ka enkouraje paran yo pou yo vini?	Na ofri 2 dat pou reyinyon an-maten e sware-, na aksepte timoun nan reyinyon yo, e enfomasyon yo va tradwi si posib nan lang Panyol e Kreyol Ayisyen..
Kijan nap resevwa opinyon paran yon konsenan kijan reyinyon an te pase?	u fe li posib pou Paran/Fanmi yo ranpli yon fom evaliasyon sou reyinyon an, e fom sa a va pemet yo fe demand pou plis enfomasyon, e pou rankontre yon pesonel kontak Title 1 pou plis lot ed toujou.
Koman moun ki pat la yo ap resevwa enfomasyon ki te diskite pandan reyinyon an?	Nan demen, touswit apre jou reyinyon an, na voye detay enfomasyon reyinyon an bay tout paran/etidyan, e na mete li sou Paj entenet lekol la.



Plan Engajman Paran ak Fanmi 2019-2020

Dr. N.E Roberts Elementary

3. Idantifye koneksyon ki dirije et enkli Title I avek lajan local/federal pou kapab bay opotinite kap enkouraje ak sipote paran y oak fanmi yo nan yon fason pou yo kapab patisipe nan edikasyon pitit yo epi sipote edikasyon yo menm le yo lakay.

Title IX-Sanzabri	Nou travay avek Hearsh pou idantifye e bay etidyan sanzabri yo ed. Pesonel lekòl la idantifye etidyan sa yo ki pa gen kote fiks pou domi, ou ki gen difikilite jwenn la nouiti. Se yon fason pou ofri yo sevis ka yo nesesis. Materyel lekòl, founiti klasik, infòm, sòk/valliz lekòl, epi lot bezwen yo genyen tanzantan e ki san sanble depase mwayen yo yon fason dirab. Chak fen semèn nou ba yo yon pariyè manje pote lakay.
Migran	Materyel yo tradwi nan lang natif natal paran/fanmi yo, aranjman fet pou vizit a domisil selon bezwen yo, e si posib na bay ed sevis transpo jou reinyon aktivite angajman pwofese/paran yo. Nou envite timoun Pre-k yo- Jaden danfan yo- vini ak paran yo nan tout reinyon lekòl la.
Pwogram lekòl matenel	Nou envite paran timoun Pre-ke-Jaden danfan yo- asiste tout reinyon lekòl yo.
Title III-ESOL	Lekòl la anplwaye yo para ESOL a tan plen. Asistan sa a va travay ak etidyan yo an gwoup. Nou bay materyel ki tradwi nan lang natif natal paran/fanmi yo, e nou travay nan kolaborasyon avek para ESOL la pou satisfè bezwen popilasyon etidyan ESOL yo.
SAC	Tout paran/fanmi yo envite nan tout reinyon SAC yo, e nou ananse yo le reinyon SAC yo nan kalandriye lekòl la, media sosyal yo, Paj entenet lekòl la, Paj Journal yo, tablo afichaj lekòl la, Remind text apo, panfle yo, e stike nan ajenda elev yo. Elèksyon manm yo fet dapre prensip atik/lwa reglemàn Met Prensipal lekòl la prezante nan premye reinyon ane lekòl la avek Gran komite Konsèy Planifikasyon an. Tout paran ki nan reinyon an ka pran la pawòl, men se manm yoelman ki gen dwa vote. Paran ki manm yo kapab ede nan planifikasyon aktivite paran yo.
PTO/PTA	Tout paran/fanmi envite e enfome sou tout reinyon PTO yo pa mwayen kalandriye lekòl la, media sosyal yo, Paj entenet lekòl la, Paj Journal lekòl la, tablo afichaj lekòl la, Remind text apo, panfle yo, e stike nan ajenda etidyan yo. Yo eli manm yo dapre prensip atik/lwa reglemàn Met Prensipal lekòl la bay nan Premye reinyon oganizasyon Paran/pwofese ki fet nan lane lekòl la. Tout paran nan reinyon an ka pran la Pawòl men se manm yoelman ki gen dwa vote. Paran ki manm yo kapab ede nan planifikasyon aktivite paran yo.
Agan nan komite a/Patne Biznis	Manm komite yo jwenn envitasyon pou asiste nan reinyon SAC e PTO yo, e nan aktivite paran yo. Nou kenbe tout moun enfome sou reinyon yo, e ankouraje patisipasyon yo tou.

4. Itilize fason de kominikasyon ki bon et kle.

Dekri kijan nan itilize kominikasyon ki valab et kle ant lekòl ak lakay.	Paran/fanmi yo kapab planifye reinyon ak pwofese, konsèy, administrasyon ou pesonel kontak Title I nan chak twa gen bezwen. Nou itilize media sosyal, Mesaj Tèks, konferans sou tèl +
Esplike kijan ou enfome chak fanmi le pitit yo fin aprann pou omwen 4 semèn ak yon pwofese kap travay sou yon sijè ki pa metye yo?	Tout elev jwen yon let pou yo pote lakay yo ki esplike key o nan yon sal ak yo pwofese kap anseye yon kou ki pa nan metye li pou omwen 4 semèn. Yon kopi let sa ak tout list paran ki resevwa li a rete nan dokiman lekòl la pou verifikasyon.
Esplike koman paran ak fanmi yo resevwa enfomasyon konsenan kourikulom nan etap sikse, control de pwogre, avek egzamen.	Enfomasyon sa yo rive jwenn Paran/fanmi yo nan reinyon fas a fas ak paran/pwofese yo. Pwofese yo sevi ak ajenda reinyon an tou, enfomasyon tou ranpli pou organize reinyon yo. Yo t +
Esplike kijan lekòl ou a kominike enfomasyon bay paran yo ak fanmi yo nan lang pa yo. Nan ki lang ou bay enfomasyon sa yo?	Nou prezante Plan Global la, PFEF, e materyel resous nan tout reinyon yo ki nan lang Panyòl la pou bon devlopman kapasite. Plan Global Konpak la, PFEF, e kek lot resous materyel diapo +
Kijan nou sevi paran ki gen pitit ki andikap yo pou nou ka asire ke yo jwen akse tout reinyon, workshop, ak lot evenman?	Nou ankouraje Paran andikape/enfim yo pou fe sevis volonte, asiste nan reinyon yo, fe pati SAC ak PTO. Etablisman lekòl la ranpli kondisyon pou sikasyon moun ki sou chez woulant, e nou va pran an konsiderasyon tout lot bezwen konsa pareyman e selon chak ka.
Dekri ki opotinite paran an fanmi yo jwen pou yo ka patisipe nan edikasyon pitit yo.	Nou ankouraje paran yo asiste reinyon SAC e PTO, fe randevou pou reinyon paran/pwofese le gen bezwen, fe sevis volonte, e asiste reinyon aktivite yo. Paran yo jwenn enfomasyon sou +

5. Edike et bati yon kapasite nan anplwaye lekòl yo sou fason yo kapab travay avek fanmi elev yo efektifman. Epi tou, konnen enpotans egajman paran ak fanmi genyen nan sikse elev yo. Eksplike plan an pou ane lekòl sa.

<u>Sijè/Tit</u>	<u>Ki fason sa ap pemet relasyon lekòl la ak paran yo grandi?</u>	<u>Forma pou aplikasyon: workshop, etid liv, prezantate, etc.</u>	<u>Kiyès ki odyans la?</u>	<u>Dat/le Konfimen</u>
Paran ki gen sikse, Etidyan, Pwofese, Reinyon.	PD sa a enstwi pwofese yo sou kijan bati bon jan relasyon avek paran yo pou rive ranpli bezwen etidyan yo pi byen.	Devlopman pesonel la va fet nan prezantasyon sou kadran pwofeksyon imaj, e ak kolaborasyon manm pesonel yo.	Tout manm pesonel la.	15 Janvyè, 2020 @ 1:00 Pm